

Ayiti an pèspektiv

Samuel Pierre

Dis mwa apre gwo tranbleman tè ki te frape Ayiti nan dat 12 janvyè 2010 la, *Gwoup refleksyon ak aksyon pou yon Ayiti tou nèf* (GRAHN) te pibliye yon liv kolektif, ki rele « Konstriksyon yon Ayiti tou nèf: vizyon GRAHN ». Revi tematik *Haïti Perspectives* la se pwolonjman nòminal travay refleksyon an ki la pou kontinye epi ki la tou pou akonpaye pèp ayisyen an sou wout byen lonng, ki ap debouche sou rekonstriksyon ak renesans peyi a. Konsa, *Haïti Perspectives* ap yon revi ki ap fè anpil pwozisyon, avèk divès tèm ki ap kouvri sijè enpòtan, ki konekte ak lavni peyi a.

GWROUP MOUN NOU VIZE

Revi sa a fèt prensipalman pou Ayisyen, fanm kou gason, ki ap viv nan peyi a kou lòt bò dlo. Li fèt tou pou jenn ayisyen, fi kou gason, ki ap chèche referans. Revi a ap kab satisfè dirijan peyi a ki la kounouye la a, tankou sila yo ki nan wout ap vini, epi ki vle chanje pozitivman sa ki ap fèt nan peyi a. Revi sa a la pou enstitisyon entènasyonal ki ap travay an Ayiti, li la pou zanmi Ayiti ki vle chanje kondisyon lavi pèp ayisyen an. Revi a la tou pou laprès entènasyonal ki ap chèche enfòmasyon ak analiz sou Ayiti apati yon sous endepandan.

LIY EDITORYAL LA

Prensipal karaktè liy editoryal *Haïti Perspectives* la se: endepandans despri, respè wòdpòte pou règ etik nan fason yo ap trete enfòmasyon, severite nan analiz evennman yo, swen revi a pran pou li etabli prèv sou enfòmasyon ki

anndan li. Liy editoryal revi a fonde tou sou patipri pou yon apwòch syantifik, sou preferans nan chèche solisyon pou pwoblèm ki byen idantifye ansanm ak sou yon vizyon pou peyi a nan yon tan ki pa trè lwen tankou nan yon tan ki byen lwen. Nan sans sa a, revi a pa pe pibliye okenn tèks ki gen medizans, ni tou li pa pe pibliye enfòmasyon ki pa verifyab. Mizapa editoryal yo, sèl tèks revi a ap pibliye, se tèks ki chita sou analiz solid ki kab pote limyè epi gide bon fonksyonman peyi a. Konsa, revi a ap pote yon atansyon espesyal sou tèks ki ap ekzamine entèvansyon Leta yo, ansanm ak politik piblik nan divès nivo aktivite.

AJANSMAN NANNAN REVI A

Haïti Perspectives ap pibliye tèks an franse, an anglè epi an kreyòl. Tèks yo ap genyen yon rezime tou kout an franse, an anglè ou an kreyòl. Chak nimewo revi a ap genyen pou pi piti kat ribrik sa yo: yon editoryal, yon kaye tematik, *Obsèvatwa sou rekonstriksyon* an epi anons pou kaye tematik ki nan wout yo.

CHEMINMAN EDITORYAL LA

Chak kaye tematik ap sou kont de ko-edite ki ap vin pote kontribisyon yo sou envitasyon. Yonn ladan yo ap nan peyi etranje, epi lòt la ap anndan peyi a. De koedite yo ap mete sou pye yon komite editoryal ki ap genyen kenz moun. Manm komite editoryal la dwe genyen tandans ideyolojik diferan. Se va yon melanj fi, ak gason, ki ap viv nan plizyè vil diferan, ki genyen pèspektiv diferan... ►

Travay komite editoryal la se evalye epi chwazi tèks ki kab sèvi nan pwochen nimewo revyi a daprè tematik li. Kidonk, se komite sa a ki responsab kalite enfòmasyon ki ap parèt nan kaye tematik la. Manm komite editoryal la gen dwa prezante pwòp tèks pa yo. Men, anvan tèks moun ki nan komite a pibliye nan revyi a, yo dwe respekte tout regleman ki mache ak prensip chwa tèks yo nan revyi a. Koeditè chak nimewo revyi a dwe ekri sentèz nimewo a. Editoryal la ansanm ak atik nou aksepte pibliye nan revyi a dwe respekte oryantasyon revyi a. Se komite editoryal la, sou direksyon editè yo envite yo, ki dwe fè respekte regleman yo.

Anba ribrik « Obsèvatwa rekonstriksyon an » ap genyen yon seri atik ki ap bay enfòmasyon sou eta rekonstriksyon peyi a. Se yon ribrik jeklere, ki pèmèt tout moun suiv devlopman peyi a nan diferan nivo aktivite apati sa yo wè, rapò estatistik epi sa lòt moun rapòte.

LIS TÈM YO

Nan chak nimewo revyi a ap genyen tèm twa lòt kaye tematik ki nan wout yo ansanm ak non moun ki nan komite editoryal la. Enfòmasyon sa a ap kab gide lektè, ansanm ak moun ki gen entansyon voye atik pou revyi a; se an menm tan yon fason pou revyi a mande tèks. Pou ane 2012 la, kote revyi a ap pibliye prensipalman sou fòm elektwonik,

ap genyen twa nimewo. Nimewo sa a, ki se premye a, ap kouvri devlopman ekonomik. Dezyèm nimewo pral chita sou Leta ak gouvènans epi twazyèm lan ap sou sante piblik.

Nou ap mande nou pou nou ankouraje revyi a. Pou nou fè sa, nou kab voye atik pou nou, li revyi a, fè pwomosyon li avèk zanmi nou, nan òganizasyon nou konnen. Nou kab pran abònman revyi a, achte piblisite ladan epi voye sigjesyon ak lide pou revyi amilyore travay li. *Haiti Perspectives* vle vini yon revyi ki ap chèche sous pwoblèm Ayiti yo epi ki ap travay pou demen vin pi bèl. *Haiti Perspectives* se yon revyi ki rantre peyi a nan aksyon an pèmanans. Aksyon sa yo ap gen enpak pandan lontan. Enpak sa yo prale pi lwen pase sityasyon nou ap viv jounen jodi a epi yo la pou yo rete lontan.

YON REVI KI AP FÈ ANPIL PWOPZISYON

Haiti Perspectives se yon revyi ki ap transfòme lavni epi pèmèt nou genyen lespwa nan yon demen miyò pou jenerasyon ki la jounen jodi a tankou sila yo ki nan wout ap vini. Se yon revyi ki ap goumen pou byennèt tout moun. Li vle ale pi lwen pase enterè ti gwoup pasi-pala pandan li ap goumen kont tout fòm eksklizyon. Chay la lou. Nou konte sou nou pou nou leve li ansanm nan enterè peyi a. ■

Abonman pou vèsyon elektwonik revyi an

GRAHN ofri nou yon abònman gratis pou vèsyon elektwonik. Nou ta kontan nou ranpli fòmilè a, se yon fason pou nou mete nou nan baz done a. Nou mèt voye enfòmasyon yo nan adrès sa a: haiti-perspectives@grahn-monde.org.

Madam M.

Siyati: _____ Prenon: _____

Adrès [No. sivik, ri, apatman]: _____

Vil/Pwovens/Peyi: _____

Kouryèl: _____